

Kiyès ki dwe pran vaksen pou l ka gen pwoteksyon kont lawoujòl?



Mwen dwe pran vaksen si

-  • **Mwen se yon timoun ki gen plis 12 mwa (1 lane)**
EPI mwen **pa t janm pran vaksen**
-  • **Mwen se yon timoun ki gen plis pase 18 mwa**
EPI mwen te resevwa **sèlman 1 dòz vaksen**
-  • **Mwen pa t janm pran vaksen kont lawoujòl**
EPI mwen **pa t janm gen lawoujòl**
-  • **Mwen te pran vaksen kont lawoujòl**
MEN mwen **pèdi prèv vaksinasyon mwen an**
(sètifika medikal oswa tès san)
-  • **Mwen poko gen 45 lane**
EPI mwen te resevwa **sèlman 1 dòz vaksen**
-  • **Mwen poko gen 45 lane**
EPI mwen te pran **2 dòz vaksen**,
MEN mwen te pran **1^{ve} dòz la anvan mwen te gen 12 mwa (1 lane)**
-  • **Mwen gen 45 lane oswa plis**
mwen te resevwa **sèlman 1 dòz vaksen**
EPI mwen **vwayaje, oswa mwen travay oswa mwen ap fè estaj nan domèn lasante oswa nan lame**
-  • **Yon pwofesyonèl lasante te konseye mwen pran vaksen**